

Konfidansyèl Specification pozisyon  
**Komisyon Enterime (Pou yon ti tan) pou  
rekonstriksyon peyi dayiti (KERA)**  
Direktè Egzekitif

Avril 2010



THE ART  
SCIENCE   
OF TALENT



## KONFIDANSYÈL SPECIFICATION POZISYON

---

<b>Job</b>	Direktè Egzekitif
<b>Pou ki moun</b>	Komisyon Enterime (Pou yon ti tan) pou rekonstriksyon peyi dayiti (KERA)
<b>Kote</b>	Ayiti
<b>Relasyon de Travay</b>	Manb direktif Komite Egzekitif (KERA) ak Co-Chairs

## DETAY SOU TRAVAY LA

---

KERA pral asire l ke planifikasyon, kowodinasyon ak tout mouvan resous bilateral, multilateral, oganizasyon ki pa gouvènman ak sekte prive a byen fet; founi bon jan rapo finansye nan transparans pou jefo sa a; epi tou, oganize tout kontribisyon ak investisman ki gen pou we ak gwoup nou sot mansyone anwo a.

KERA pral kontinye devlope epi travay pou finalize plan devlopman Ayiti yo, fe yon etid sou bezwen yo ak sa ki manke yo, epi etabli priyorite pou investisman fet. KERA dwe apwouve tout pwoje ki rete konsistan epi nan kowodinasyon avek Plan Daksyon Ayiti a. KERA tou pral gade epi solisite pwoje ki mache ak priyorite Plan Aksyon Ayiti a epi deside sou elijibilite soumisyon eksten.

## RESKONSABILITE KLE

---

Direkte Ekzekitif la dwe yon lide estratejik, motive epi ki gen yon repitasyon kom moun ki gen etik ak respe. Li dwe demontre abilite li nan pou pi piti yon ansyen pos ke li te okipe, pou travay nan yon kalfou politik, finans piblik, devlopman ekonomik ak jesyon estratejik nan yon konteks ki gen anpil presyon ladan l ansanm ak vizibilite. Li pral bezwen yon lide ki enfome, detemine epi fleksib epi tou ki demontre ke li gen posibilite pou reyini kowalisyon pou aksyon ki efikas pandan li ap ankouraje lot moun pou fe menm jan ak li.

Direkte Egzekitif la pral bezwen yon moun ki pwodiktif, yon fasilite ki gen abilite pou travay ak yon Board ki angaje epi yon gwoup de moun nasyonal tankou entenaasyon ki investi nan pwoje sa a. direktè egzekitif la pral bezwen angaje li pou de bagay konkre, base sou de fe epi ki gen pou aji ak transparans; li pral bezwen montre disponibilite li kom yon moun ki fe swivi epi tou ki ka pran desiyon nan de sikonstans pwofesyonnel ki gen anpil defi ladan l.

Direkte Egzekitif la pral gen pou bay rapo, rankontre ak Co-President KERA a. Komite jesyon KERA a pral konpoze de 2 moun ki gen pou jere KERA epi yon reprezantan de ayisyen ak donate kominote entenasyonnel la.

Moun sa pral bezwen konn ekri epi pale franse ak angle tre byen pou li ka byen reprezante misyon KERA bay tout moun ki enterese, anpil ajans gouvènman ak pep la.

Direkte egzekitif la pral bezwen gen eksperyans travay nan yon pozisyon siperye nan entitasyon devlopman ak/ouswa nan konpayi entenasyon epi ki gen fasilite pou devlope relasyon ak sosyete sivil la, sekte prive a, goupman dwa moun yo ansanm ak chef leta ak minis zafe etranje angaje nan rekonstriksyon peyi Dayiti a.

Kandida ki pral jwenn pos sa pral gen yon kalite pou oganize, administre epi jesyon finansye. Direkte Egzekitif sa pral bezwen konfotab fe an menm tan ke w ap dirije- epi ki pral bezwen fe de bagay ki esensyel pou rive a objektif KERA la.

Anba direksyon komite ekzekitif la, direktè egzekitif la pral responsab pou jesyon ak estrateji KERA, pou komunikasyon objektif KERA, pwogram ak pwogre, pou proteksyon bagay finansye KERA yo epi an jeneral pou asire sikse misyon KERA a. Direkte Egzekitif sa pral responsab tou pou asire ke tout desisyon ke li pran mache ak regleman ke donatè yo mande, etabli yo.

**Nan jesyon ak estrateji, direktè egzekitif la pral bezwen:**

- Asiste co-president yo nan enplemantasyon oganizasyon KERA a, dirije epi jere kreyasyon li, konsistan ak estati ak misyon IHC pou asire rekonstriksyon ak refondasyon Ayiti epi pou ayisyen ki soti nan tout kouch sosyete a, apre tranbleman te 12 janvie 2010 la.
- Asire ke KERA gen yon estrateji ki fo pou fe li rive akonpli misyon l, ki gen pou vanse nan konsistans ak pwogre ki gen pou we ak plan rekonstriksyon an.
- Montre lidship nan devlopman oganizasyonel, finansyel ak planifikasyon pwogram ansanm ak Manb Komite Egzekitif epi estaf la ; etabli priyorite pou rive fe kek reyalyasyon ak jwenn resous pou sa; kontinye plan plis resous otorize pa manb komite egzekitif la.
- Rasanble epi dirije yon ekip de jesyon ki dwe bay rezilta, avek preparasyon apwoprye pou siksesyon fet ; asire ke estrateji apwopriye sou plas pou atire, devlope ouswa kenbe estaf ki konpetan e ki nesese pou avansman KERA.
- Bay enfomasyon, analiz ak konsey pou co-chairs komite egzekitif la pou fasilite desisyon ke li ap gen pou pran.
- Vey eke operasyon ak aktivite KERA ap mennen yo fet dapre lwa ak regleman, KERA reglemantasyon ak lwa, epi tou afiche yon konpotman pesonel ansanm ak pwofesyonel san parey.

**Nan komunikasyon/echanj, direktè egzekitif la pral:**

- Enfome Manb Komite Egzekitif sou tout pwogre rekonstriksyon an, pefomans KERA epi tout fakte/enfomasyon enpotan ke MKE la ta dwe konnen.
- Kominike tout aktivite KERA ap fe ansanm ak objektif, pwogram ak pwogre li yo.
- Etabli solid relasyon de travay ak aranjman koperatif avek done yo, oganizasyon ki pa gouvenman, sekte prive a, kominote ak gwoup sosyete sivil ak oganizasyon epi tout

ministe nan goudenman an, ajans yo ak biwo yo.

- Asiste co-chairs yo nan jere plizye opinion ak entere de donate yon an rekonstriksyon peyi dayiti epi travay pou rive nan yon vision ki pran an konsiderasyon tout pwen moun ki gen pou we ak priyorite pou rekonstriksyon an.

**Nan proteksyon mwayen finansye KERA yo, direkte egzekitif la pral:**

- Responsab pou devlope epi kenbe de pratik finansye ki transparan;
- Demontre angajman KERA nan pi wo nivo de jesyon finans ak rapo.

**EKSPERYANS PWOFEZYONEL/KONPETANS:**

Direkte egzekitif la dwe gen yon konpreyansyon de tout pwoblem konpleks ki ap pase an Ayiti. Li dwe gen bon jan kapasite ansanm ak eksperyans nan pwoje ki gen anpil defi. Li dwe gen pou pi piti diz lane eksperyans de travay. Kandida ki reyisi a gen dwa soti nan nenpot ki sekte (piblik, oganizasyon ouswa prive)epi kapab gen nenpot ki nasyonalite ouswa sekte menm si preferans nan prale kote kandida ki gen eksperyans déjà an ayiti nan yon pos ki enpotan, an menm tan tou ki gen pou we ak rekonstriksyon ak devlopman ekonomik nan peyi ki gen nivo mache ki ba. Kandida ki reyisi a tou dwe fanmiye ak donate yo. Eksperayns milite ap yon avantaj. Li dwe pale franse ak angle epi konesans de lang kreyol la.

Kandida ki reyisi a pral gen eksperyans ki montre abilite pou fasilite, kapasite adaptasyon nan anviwonman difisil, kapasite pou jere, evalye pwoje ki gen konpleksite ladan yo, pou jere dives Stateholders pou yon anviwonman ki prale nan sans aksyon kolaboratif ak motivasyon pou we rezilta. Prev de sike kom jesyone an jeneral, jesyon finans epi planifikasyon estratejik se nesese.

Pos espesyal sa pral mande anpil longed tan, disponibilite detanzantan nan wikenn ak aswe, epi abilite pou rete fokus epi toua k tout bon jijman nan yon anviwonman travay ki gen anpil defi pou leve epi ki pral mande anpil de ou menm. Kandida ki reyisi a pral gen pou angaje l pou yon kontra de 18 mwa ki kapab alonje pou yon lot 18 mwa si manda KERA a renouvle.

Direkte egzekitif la pral oblije rete an ayiti epi ap bezwen vwayaje aletranje pou reyinyon ak donate, konferans ansanm ak lot aktivite ki gen pou we ak responsabilite pos sa mande. Moun sa ta dwe pran angajman pou kenbe yon prezans konsistan epi piblik an ayiti pandan ke li nan posisyon sa a.

**KARAKTERISTIK LIDESHIP**

**Kapasite pou pran desizyon ki konpleks**

- Kapab rezoud menm pwoblem ki konplike epi konpleks; bon kapasite pou tire enfomasyon ki disponib; kapasite pou aprann vit nan eksperyans; ajoute konsey pesonel ak eksperyans pou rive nan pi bon konklisyon ak solisyon, konsideran jan sitiyasyon an ye a; itilize mwayen ak teknik pou rezoud plizye pwoblem ansanm.



## **Kreyasyon nouvo ak diferan**

- Fasilite pou vini ak de lide nouvo; fasilite pou pran inisyativ, bon jan visyon epi ka jere inovasyon ; se yon moun ki gen estrateji ranpli ak lide ak posibilite ; se yon moun ki pozitif fas a lavni ; gen anpil konesans nan dives domen ; kapab an menm tan kreye men tou vini ak lide pou pataje ak lot; konfotab pou diskite de lot alternativ menm le li pa gen tout done yo.

## **Rete fokus**

- Kapab fasilman separe misyon kritik de bagay ki paret pi bel ousw api fasil; rapidman gen yon bon sans de sa kit a pi itil pou travay an apre; fokus sou kek travay ki kritik ki ka vreman pote chanjman epi mete akote pousaw fe yon lis de sa ki ka rete pou apre.

## **Rete organize**

- byen organize, anpil kreyativite; efektif epi kapasite pou jwenn plizye resous pou jwenn rezilta; ranje travay y oak ase detay pou kite tras; kapab reyalize kek bagay nan mwens an mwens tan; kapasite pou jere plizye travay an menm tan san bliye youn; prepare epi planifye pou sizoka gen pwoblem.

## **Reyalize travay an pasan pa lot moun**

- Jere moun byen; konn byen boule ak moun, itilize estaf la pou jwenn pi bon randman; ranje epi kominite objektif yo, fe evalyasyon; ran moun responsak aksyon yo; kenbe moun enfome; ofri bon lide ki ka sevi pou jodi a ak demen.

## **Jere pwoblem**

- Abilite pou jere tout pwoblem, defi ak moun; konfotab epi travay nan moman konfli; deliver feedback ki negative ak mesaj san ezite; jere san pedi tan ak anpil taka k moun ki ap bay pwoblem; kite chak moun konnen plas yo; alez nan moman kriz epi rete motive menm devan defi yo; pa pep ran desisyon ki negative ansanm ak aksyon ki kle epi solid; kesyone status quo a.

## **Enspirasyon pou lot**

- Gen anpil abilite pou jwenn moun, ekip ak tout yon oganizatuon pou pefome nan yon nivo ki woe pi ki asepte chanjman; negosye avek anpil tak pou rive a yon bon rezilta ouswa pou avanse yon koz ki komin; kominike yon vision epi angaje pouf e sa w kapab; enspire lot; motive pa konsriksyon, ekip ki pefome; konprann kisa ki kenbe diferan moun motive.

## **EDIKASYON**

---

Yon diplom inivesite nan goudenman, bizniz, jesyon financye, syans politik ouswa yon domen ki sanbel ak sa.

## **SALE**

---

Yon sale ki apwoprye ak yon pake ki gen benefis ladan l pral ofri.

## **POU FÈ APLIKASYON AN**

---

Voye yon lèt ki eksplike motivasyon ou pou pòs la ak CV: [IHRC@kornferry.com](mailto:IHRC@kornferry.com). Tout soumissions ap ka aksepte ekri sèlman.

Kristin Mannion  
Wo grade kliyan patnè, lidè sektè, Nonprofit domèn pratik

Aimée Meher-Homji  
Patnè kliyan